**ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМ БЕРИЎ МИНИСТРЛИГИ**

**БЕРДАҚ АТЫНДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ**

**Магистратура бөлиминиң Әдебияттаныў қәнийгелиги II-курс студенти Сагидуллаев Мараттың «Дәстанлар поэтикасы» пәнинен**

# КУРС ЖУМЫСЫ


**Орынлаған:** **Сагидуллаев. М**

**Қабыллаған:** **ф.и.к. доц. Низаматдинов.Ж**


**Н Ө К И С - 2014**

«Гүлистан» дәстанының идея-тематикасы ҳәм образлар

Кирисиў

I БАП

**«Гүлистан» дәстанының идеялық мазмуны**

**II БАП**

**«Гүлистан» дәстанында образлар.**

Жуўмақ

Пайдаланылған әдебиятлар

**Кирисиў**

Халы3 а7ыз еки д5ретпелерини4 ишинде д1станлы3 шы2армалар 5зини4 мазмуны 81м к5леми жа2ынан бас3а халық аўызеки дөретпелеринен к5леми жа2ынан ажыралып турады.

«Дәстан» түсиниги фольклорлық шығармаларда «баян етиў» ямаса «жырлаў» дегенди аңлатып парсы тилинен алынған. Түркий халықлар дәстанлық шығармаларды «қысса», «жыр» деп те атайды. Дәстанлық шығармалар ҳәр бир халық арасында үлкен орынды тутады ҳәм кең таралған көлеми жағынан үлкен, мазмуны бай дөретпе болып есапланады.

Дәстанлық дөретпелерде ҳәр бир халықтың өзгешелиги, олардың турмыслық шараятлары, күн көрислери, миллий үрп-әдетлери, дәстүрлери халықтың жеке минез-қулықлары, олардың психологиясы, этнографиясы ҳ.т.б. бир-бирине уқсамайтуғын белгилери өз сәўлелениўин табады. Сондай-ақ дәстанлық шығармалар тарийхый ўақыяларды, қаҳарманлықты, ашықлық ўақыяларды, турмыслық мәселелерди ҳ.т.б. көринислерди де бере алады.

Дәстанлық шығармалардың халық арасында тараўында жыраў-бақсылардың, қыссаханлардың орны гиреўли. Себеби, олар үлкен той-мерекелерде, жыйынларда, үлкен қурларда азанға шекем айтып

халықтың қулағының қурысын қандырған, сол жерге барған ҳәр бир адам сол дәстанды үйренип, билим алыўға ҳәрекет етип, айырым қатықулақ адамлар оны ядлап алыўды кәсип-кәр еткен.

Демек жыраўлардың орны өз дәўиринде ҳәр бир халықтың арасында үлкен әҳмийетке ийе. Халық аўыз еки дөретпеси жазыў-сызыўдың раўажланбаған пайтында-ақ халық арасында болғанлығы тәбийий.

Жыраў тәрепинен айтылған, айтылып жүрген дәстанлардың хызмет етиўге, сыртқы жаўлардан Ўатанды қорғаўға, дослық мийирбанлыққа үйретиў ҳ.т.б. жақсы қәсийетлер дәстан қаҳарманларының ҳәрекетлери арқалы бериледи.

Дәстанлық шығармаларды жанрлық жақтан бир неше топарларға бөлип көрсеткен. Оларда лирикалық, эпикалық, драмалық элементлер аралас болып келиўин проф.Қ.Мақсетов өзиниң «Қарақалпақ халқының көркем дөретпелери» деген мийнетинде: «Қарақалпақ дәстанларының жанрлық өзгешеликлерине нәзер аўдарғанымызда, оларды қаҳарманлық, ашықлық, социал-турмыслық ҳәм тарийхый дәстанлар деп бөлип, шәртли түрде төрт жанрға ажыратыў мақсетке муўапық келеди»[1] деген пикирди айтады.

Социаллық турмыс мәселелерин сөз ететуғын дәстанлар да қаҳарманлық, лироэпикалық моментлер жийи ушырасады.

---

[1] Мақсетов Қ. Қарақалпақ халқының көркем аўыз еки дөретпелери. Нөкис, 1996, 296-бет.

Социаллық турмыс мотивлериниң басым сүўретлениўи менен қаҳарманлық ямаса лироэпикалық дәстанлардан парықланып турады. Мысалы, «Алпамыс» дәстаны «Ғәрип-ашық» дәстанынан қалай айырылса, ал «Гүлистан» дәстаны өзиниң өзгешеликлери менен жоқарыдағы еки дәстаннан да бөлинип турады.

Дәстанның сюжетлик қурылысы, композициясы, тил қурылысы жағынан қарақалпақ дәстанларына тән болған үлгилердиң орын алғанлығын көремиз.

Қарақалпақ халық дәстаны «Гүлистанның»ның сюжетинде турмыста ушырасатуғын әдиллик пенен әдилсизлик, ашықлық, садықлық, дослық ҳәм жүзегөйлик көркем сәўлеленген. Бул дәстандағы барлық ўақыя, образлар бас каҳарманның әтирапына топланған.

Дәстандағы образлар басқа да қарақалпақ дәстанларындағы образлар сыяқлы күшли гиперболалық усылда берилген. Оларда айырым ертеклик ҳәм де ҳақыйқый ўақыялар шебер жасалған. Дәстандағы дөретилген образлар оның идеялық бағыты ҳәм көркемлик өзгешелиги менен тығыз байлынысып келеди. Ондағы 81р бир образ халықтың дүньяға көз-қарасының қайсы бир тәрепин ҳәм белгили бир басқышын сәўлелендиреди.

Ҳәзирги күнде халқымыз басқа халықлар менен қарым-қатнас арқалы олардың үрп-әдетин, дәстүрин ҳәм мәдениятын үйренип өз дәстүрин, үрп-әдетин ҳәм мәдениятын байытып киятыр.

# I БАП

## **«Гүлистан»** дәстанының идеялық мазмуны

«Гүлистан» дәстаны қарақалпақ халқының сүйип тыңлайтугын дәстанларының биринен есапланады. Бул дәстан ертек түринде шығыс халықларының фольклорында да ушырасады. Дәстанның идеялық мазмунында  сол дәўирдеги ҳаял-қызлардың жәмийеттеги теңсизлиги, халықлар дослығы, әдиллик ҳәм әдилсизлик көринислерин береди. Дәстан  ертеклерге сюжети жағынынан уқсас болғаны менен олардың өзлерине ылайық таң қаларлық оригинал өзгешеликлерге ийе. Дәстан 1973-жылы ф.и.к. Ж. Хошниязоф тәрепинен Қыяс жыраўдан жазып алынды. Дәстанның мазмунында ҳәр түрли дәўирлердиң ўақыясы түсиниклери ушырасады. Сондай-ақ эпизодларда жүдә ерте дәўирлердиң ҳәдийселери менен соңгы дәўир ўақыялары араласып жүреди. Бул нәрсе дәстанның тийкарғы өзеги ертеклик сюжет қурғанлығынан дерек береди. Дәстанның ўақыясында ерте дәўирлердиң таңқаларлық тилсимли пери перийлер, дуўаханлар, таў-тас, жер-суўлар құдиретли күш болып сүўретленеди.

Дәстанның мазмунында көп ғана традициялық мотивлер ушырасады. Әдеттегише патшалардың бийперзент болыўы тилек тилеў жалбарыныўының нәтийжесинде перзент көриў қусаған

уксаған ўақыялар менен басланады. Сарай тарийхындағы талас тартыслар, нәпсиқаў-мәккарлық ҳәрекетлер унамлы геройлардың қыйын қыстаў ислерге жолығыўы ҳәм оны ақыл парасат пенен жеңиўи кептер, қара кус, кийик сыяқлы ҳайўанатлардың жардеми менен иске асады.

Дәстанның ўақыясы Хорезм жеринде әмиўдәрья бойында Адақ деген қалада Айдархан деген хан болды. Қырқбес жасқа келседе алты қатын алсада бий перзентке зар болды деп бериледи. Гүлистан дәстанындағы ўақыялар еки бөлимнен турады. Биринширинде көбирек турмыс мәселелери сүўретленеди, екиншиси Гүлистанның Қақпанша шәҳәриниң баҳадыры Гүлдархан менен қосылыўы өз елине келип өшлиден өшин алыўы сөз болады. Бирақ еки бөлимде бир-бири менен органикалық байланыста қоланылады. Ҳәр бөлимде бир неше эпизодлар қызықлы етип сүўретленеди. Дәстанда Гүлистан ақыллы сулыў қыз болып жетиседи. Оған Айдарханның исенимли қазысы ашык болып, Айдарханды «журтты сейил етип кеўил көтер» -деп алдап, орнына өзи ўақытша тахытқа отырады. Өз нийетин орынлаў ушын Әлийма дуўаханның жәрдеми менен қолға түсирмекши болады. Гүлистан қазыны урып, көзин шығарып, өз намысын қорғап қалады. Гүлистанды Айдарханға жаманлап, ата менен перзент арсасына от таслайды. Гүлистан пүтин жәмийет алдында айыпланып, өлимге гриптар болады.

Айдарханның турмысқа бийпарўа қараўы, дос пенен душпанда айыра алмаўы жагынан «Шарьяр» дәстанындағы Шаҳидарап ханга, перзентке аталық меҳрден айырған Ақмақ патша образларын еске салады. Гүлистанның аянышлы аўҳалы «Шарьяр» дәстанындағы Гүлшара, Әнжимлер менен сабақлас келеди.

Қарақалпак халық дәстанларының қайсы бири болсада, патриархал-феодаллық жәмиеттеги ҳаял-қызларға болған жеркенишли көз қарасты сөз етпей кетпейди. Бул ўақыя «Гүлистан» дәстанында да унамсыз қатнас ретинде мийнеткеш халық тәрепинен қатты қарсылықларға ушырап отырады. Халық ҳаял-қызларға айрықша ҳүрмет пенен қарап, олардың ақыл-хуўышы, физикалық күши ерлерден кем емеслигин көрсетеди. Дәстанның соңында айдархан өз гүнасын халық алдында мойынлап, Гүлистаннан кеширим сорап, ҳақыйқатлыққа бас ийиуге мәжбүр болады. Гүлистанның елден шығып кетиўине тийкарынан оның душпанлары себепши болса, соған қосымша Айдарханның аңқаўлығы да қосылады. Себеби Айдархан хан қазысының айтқанына исенип өз қызына ашыўланып жазалайды ҳәттеки өз баўырының айтпақшы болған ҳақыйқатлығын да тыңлағысы келмейди. Мына қатарларға итибар берейик:

- Шуғылдың сөзине аўып, қазының өтирик жылаганына инанып, қызын жоқ қылыўға әри ойланып, бери ойланып хан мынадай ақыл таўыпты: -«Өз перзентин өзи асты» деген халықтың насағын

арқаламайын, өз перзентимди өзим астырып халықты шоршытпайын, бирақ қызым тири жүрсе мениң ханлығыма дурыс болмайды. Адамға билдирмей, Бексултан улыма ҳәмир қылайын. Ҳәмиримнен қорқар, қарындасын алып кетер, өлгенин көзим көрмесин. Он күн мәўлит берейин, аўлаққа барып өлтирип келер» деп гәпти шешти.

Бул жерде ханның аңқаўлығы менен қоса оның зулымлығы да сүўретленген. Хан өз қызына өлим жазасын бериўди шешип ҳәм оны улына қызының ағасына әмелге асырыўды тапсырмақшы болады.

Усы нийетте хан баласын шақырып алып оған өз ҳәмирин айтады. Ханның бул ҳәмири қыздың ағасы Бексултанның жанына оқтай қадалып илаж ете алмай оны қабыл алады. Деген менен Бексултан қызды өлтирмейди оның туўысқашылық сезими буған жол қоймайды. Гүлистанның илтимасы бойынша оны месик кемеге салып дәрьядағы суў ағысына салып жибереди. Демек бул жерде Бексултанның туўысқанлық сезими ханның буйрығын әмелге асыўына жол қоймайды.

Дәстанда бундай ўақыялардың берилиўи арқалы сол дәўирдеги ҳаял қызларға болған мүнәсибетти де көрсеткен, яғный ҳаял қызлардың тең хуқықсызлығы Гүлистан образы арқалы сүўретленеди.

Дәстанда Гүлистанның өз намысын қорғаўда онның қатты ҳәрекетлери де сүўретленген, яғный оның қайсарлығы қазыны урып көзин шығарыўы, жаўыз Қараманның қолынан қутылыўы ҳәм де аўыр күнлерге гриптар еткен душпанларынан өш алыўлары сыяқлы ҳәрекетлери көрсетилген.

Гүлистан дәстанында унамлы идеялардың бири - халықлар дослығының айрықша сүўретлениўи. Дәстанда дослықтыың ең таптырмайтугын қудиретли күшке теңейди. Дәстүри менен үрп әдети басқа ғайри дин Гүлдархан менен Хорезм елиниң гөззал қызы Гүлистанның досласыўы, басқа дәстанлардағыдай бир-бирин түсинде көрип, оған ғайбана ашық болып, излеў жолы менен иске аспайды. Керисинше қазының ҳәм оған мәпдар болған сарай хызметкерлериниң жала жабыўы салдарынан өлим жазасын шөл-баябанларда өткериў ўақтында болады.

Өлим менен өмир гүресинде досласады. Егер усындай досласыў болмағанда, олардың алдында қойған мақсети орынланбаған болар еди. Еки ел перзентинин досласыўы пүтин қәўимлер, халықлар арасындағы дослықты беккемлейди.

Дәстандағы образлар күшли гиберболалық сүўретлеўлер менен бериледи. Ондағы ертеклик сюжетлер менен ҳақыйқатлық шебер байланысқан. Сонлықтан дәстанда дөрелген образлар, дәстанның идеялық бағыты ҳәм көркемлик өзгешелиги бир-бирине сулыў сән берип турады. Сондай-ақ бул халық аўызеки дөретпесинде

берилген идеялар тийкарында берилген ўақыялар турмыста болыўы мүмкин болған қубылыслар менен байланыста сәўлеленген. Дәстанда берилген әдилсизлик, жалақорлық, дослық, садықлык, садалықлардың көркем сәўлелениўи буған айқын мысал бола алады.

## II-бап

## «Гүлистан» дәстанындағы образлар

Дәстанда тийкаргы унамлы образ Гүлистан. Гүлистан дәстанның бас қаҳарманы. Дәстанда Гүлистанның аты менен аталған. Оның образы дәстандағы тийкарғы орынды тутады. Гүлистан сын сынбаты келискен перидей гөззал, ақыл парасатлы, өзине исенетуғын, ата-анасын, туўысқан ағасын ҳүрметлейтуғын, Айдар ханның жалғыз қызы. Ол жүдә сулыў, көрген жигит ашық болған, ҳәр бир басып өткен изине жигитлерди интизар еткен, он сегиз жасар сулыў перийзат қыз. Дәстанда Гүлистан мынадай қатарлар менен тәрийпленеди:

Келбетине қарасаң,
Ҳүрли –Ғулманнан зыяда.
Болғандай бир елге тулға,
Берип болмас онбес улға,
Ата-анасы тәрбиялап,
Жасы жетти оналтыға,

Тоқтар емес таўда-таста

Кимди көрсең Гүлистан деп,

Әрман менен кеўли қаста.

Жүзлерине қойган оспа,

Хызмет еткен ярыў-досқа

Ишки сырын айтпай билген,

Әдилликке жүдә уста.

Бадам қабақ, қара көз,

Жүзлеринен нур шашқан

Ақылы бар мыңнан асқан

Теңлеси табылмас журттан

Қарасаң ерийди жаның,

Дүньяда теңи жоқ оның,

Жансызға жан берген

Тап өзи Ҳүри-Ғулманның

Қастаға емдур жамалы,

Жүзлериде ноқат қалы,

Ашықларға шыпа болар,

Татсаң ләблериниң палы.

Мың жылға бара-бар гөззал

Бул қатарларда Гүлистанның елинде теңи тайы жоқ гөззал қыз екенлиги, оны перилерге теңеўи, ақыл парасатлығы, әдиллиги тәрийпленеди.

Дәстанда Гүлистан сулыў қыз ғана емес, ол ақыллы, келешекти болжай билетуғын, ис-ҳәрекетинен кимниң кимлигин баҳалай билетуғын зейинли қыз сыпатында сүўретленеди. Соның менен бирге Гүлистанның қайсарлығы, өз мухаббатына садықлығы, өз ар намысын қорғаў ушын ислеген ҳәрекетлери, оның аўыр жағдайларға түсип калыўы, аяныпшлы халатлары сүўретленеди. Оның бундай жағдайларға түсип қалыўындағы тийкарғы себепшиси ханнын исенимине кирип жүрген қазы болып есапланады. Қазы Гүлистанға ашық болып оған ерисиў нийетинде көп ғана ҳәрекетлерди ислейди. Қазы Айдар ханға ҳийле ислеп оған қоңсылас ханлар менен таныспадыңыз, шет жерлерге шықпадыңыз деген гәплерди айтады. Қазының бул гәпи Айдар ханга мақул түсип тажы тахтын исенимли қазысына тапсырып өзи қоңсылыс еллерге сапар шегип кетеди. Қазының күткениде усы болып хан жоқ ўақтында Гүлистанға ериспекши болады. Усы мақсетте ол халқтың арасындағы дуўахан кемпирди шақырып оған өз мақсетин билдиреди. Дәстанда мына қатарларға нәзер салайық:

Жанымды қыймаға көзим қыймай тур,
Ашықлық қумарым ишке сыймай тур,
Әлиймажан, дәртлериме даўа тап,
Бир нәмәҳрем айтқанымды қылмай тур.

Шыны дос боламан саған хәм ақыл,

Айтқан сөзлеримди етпеңиз дақыл,
Гүлистанды арбап үйиңе шақыр,
Дүньяда тарығып билегиң талмас.

Гүлистанды айтқаныма ергизсең,
Несип болып бағынан гүл тергизсең,
Қупыяда дийдарын бир көргизсең,
Хызметиңде бенде болар бизиң бас.

Бул жерде қазының өз дейдине ерисиў ушын дуўахан кемпир Әлиймаға өтиниш жасап атырғанлығы сүўретленеди. Әлийма қазының бул өтинишин питиреди. Мына қатарларға нәзер салайық:

-Әне, Әлийма жағымлы сөз еситип, кеўли таўдай тасты, Гүлистан менен қазыны қосыўдың жолына түсти. Ҳәр жағынан үлги салып, жумсады ақыл күшти. Қазыдан алды дүнья-малды, артық дүнья есин алды, өтирик сөйлеп жақты жанды, «сәрсемби күним тойым бар» деп, Әлийма халыққа жар салды.

Бул жерде дуўахан кемпир Әлийманың образы оқыўшыларда жеркениш сезимлерин оятады. Ол дунья-мал ушын ҳәр қандай иплас ислерди қылатуғынлығы сүўретленген.

Деген менен Гүлистан қазының, дуўахан кемпирдиң нийетлерин аңлап өз ар-намысын қорғайды. Қазының көзин урып шығарады. Қазы әлбетте өз исинен ханға жәрия болыўынан қорқып,

Гүлистандай арыў қызды жала-дөҳметлер менен орап пүткил жәмийет алдында айыплап, ханга жаманлап ата менен перзент арасына от таслайды. Гүлистан пүткил жәмийет адында айыпланып өлимге гриптар болады. Айдарханныың турмысқа бийпарўа қараўы, дос пенен душпанды айыра алмаўы жағынан «Шарьяр» дәстанындағы Гүлшара, Әнжимлер менен сабақлас болады. Дәстан сюжетинде баянланған Гүлистанның басынан өткен кеширмелери кеширмелери адамда аянышлы сезимлерди оятады.

«Гүлистан» дәстанының сюжети де турмыслық эпизодларға бай болып, әдиллик пенен әдилсизликтиң, дослық пенен жүзөкейликтиң не екенлигин Гүлистан, Гүлдархан, Қазы, дуўахан Әлийма, Қараманның ис-ҳәрекетлери арқалы бериледи.

Дәстандағы тийкарғы халықлық идея – бул жеке мәпин гөзлеўши қазы сыяқлы әмелдарларды, оның өз мақсети жолында ислеген унамсыз ҳәрекетлерин өткир түрде әшкаралайды. Соның менен бирге унамлы идеялардың бири – халықлар дослығының айрықша сүўретлениўи. Дәстанда ең таптырмайтуғын қудиретли күшке теңейди. Дәстүр менен дини, үрп әдети басқа ғайры дин Гүлдархан менен Хорезм елинин гөззал қызы Гүлистанның досласыўы, басқа дәстанлардағыдай бир-бирин түсинде көрип, оған ғайбана ашық болып излеў жолы менен иске аспайды. Керисинше қазының ҳәм оған мәпдар болған сарай хызметкерлериниң жала жабыўы салдарынан өлим жазасын шөл-баябанларда өткериў

ўақтында болады. Өлим менен өмир гүресинде досласады. Егер усындай досласыў болмағанда олардың алға қойған мақсети иске аспаған болар еди. Гүлистан сыяқлы арыў қыздың әдиллик ушын болған гүреслери, ҳәр бир ўақыяға үстиртин қарайтуғын, өз қолы астындағы адамларға барынша исениўши Айдар хан сыяқлы аталардың алданыўы турмыслық мысаллар менен берилген.

Дәстанда берилген унамлы образлардың бири бул Гүлдархан образы. Гүлдархан өзине гуманистлик қәсийетлерди сиңдирген, арысландай айбатлы, батыр жигит. Дәстанда оның тәрийплениўин келтирип өтейик:

Атлыға байқап араса,
Арысландай айбатлы,
Жумыр билек, жүзи қанлы,
Қобланнан бетер ғайратлы,
Тасқын кеўил әдалатлы,
Қара қасқа бедеў атлы,
Бийдайық кус сымбатлы,
Гәўҳары дүрден қымбатлы

Гүлдархан шөлде аң аўлап жүрип жалғыз жүрген Гүлистанды көрип ҳайран қалады ҳәм оның менен жақыннан сөйлесип оның хал жағдайын биледи, хәм өзиниң Қақпанша патша халқының батыры екенин билдиреди. Гүлистанның сулыўлығына, оның ақыл парасатына Гүлдархан ашық болып қалады ҳәм де сөз барысында

өзиниң ашықлығын билдирип Гүлистанға сүйикли яр болыўын сорайды. Дәстанда бул еки жастың бир-бирине ашық болыўы, олардың хәр қайсының еки журттың, динлери басқа болыўына қарамастан бир-бирине кеўил бериўи дәстанда берилген халықлар дослығы идеясына мысал етип берилген.

Гүлистан менен Гүлдархан қосылып еки перзентли болады үш жыл ўақты хош болып дәўран сүреди, арадан ўақытлар өтип Гүлистан өз елин сағынып қумсайды, Гүлдарханда буны сезип Гүлистанға өз елине барыўына рухсат етеди.

Дәстанда берилген унамсыз образлардың бири Қараман образы. Ол Гүлдарханның исенимине кирип жүрген досты. Гүлдархан өз зайыбын елине жибererде усы Қараман достына исенип оған оның жанында бирге болыўын ҳәм қарсы душпанлардан қорғап жүриўин илтимас қылады. Қараман Гүлдарханға келисим береди. Соның менен Гүлистан өз елине қарай балалары менен бирге жолға шығады.

Қараманның нағыз келбети жолда билинеди, оның сүўретленген жерлерине нәзер салайық :

Он алты күнлик жол асты,
Ала шаңга ушырасты,
Бала-шаға ҳаўлығып,
Бөлинген койдай шуўласты.
Анда-мында умтылып,

Қызыл қумның ишинде,

Жолларынан адасты.

Қараманның кеўлине

Ҳарам ой пайда болады.

Қараман деген батырың

Гүлдархан менен дос екен

Иши қазаннан қара екен,

Дәртин сыртқа айта алмай,

Дәрттен иши жара екен,

Қол урыўға өрис тар,

Гүлдарханды өлтирсем,

Болмас па маған сәўер яр.

Гүлистанды сүймеге

Ишинен екен интизар

ҳәм де дәстандағы келтирген мына қатарларында келтирип өтейикҮ

Қараман Гүлистанды аўлаққа алып,

Шын мақсетин билдирди:

Мийўе тералмадым ышқы гүлиңнен,

Суңқарым шолысын айдын көлиңнен,

Сен сыйласаң өлтирсең де қайылман,

Бир қуштыр Гүлистан қыпша белиңнен.

Иске асыр мақсетимди, ойымды,

Аўлақ жерде бир жазайын бойымды,

Өмиримше сениң қулың боламан,

Гүлистан бир көрсет жәннет қойыныңды.

Дәстандағы берилген бул сюжетлик қатарларда Қараманның нағыз келбети ашылып, ол өзиниң досты Гүлдарханға қыянет етеди, достының сүйикли ярына өзиниң харам нийетлерин билдиреди. Қараманның бундай қылықларын, иши қаралығын сезген Гүлистан оның айтқан гәплерине хасла көнбейди. Қараман Гүлистанды көндире алмағаны ушын оны қылышы менен қорқытып ҳәтте Гүлистанның еки баласын да өлтиреди. Қараманның бундай зулымлығы, өз ҳарам нийетин әмелге асырыў ушын ҳәттеки өз достысының балаларын өмирден қыйғанлығы оқыўшыда жеркениш сезимлерин оятады. Жаўыз Қараманның қолынан Гүлистан ҳийле ислеп қашып кетеди. Гүлистан өз балаларынан айрылып қалғанлығынан жүрек баўыры қан болып, рууҳый жақтан езиледи.

Сонда жаўыз Қараман өз нийетин әмелге асыра алмай, өз елине қайтпақшы болып Гүлистанның қасындағы қызларға айтқан мына сөзлерине нәзер салайық:

- Сырды беккем сақлаңыз, болған исти аңлаңыз, мениң аўзымды бақлаңыз, енди елге қайтамыз, аман-есен жетсек елатқа , Гүлдархан батырға «ярыңның ойнасы бар екен, және де қатының бизге қарсы шапты халқының адамлары менен қашып кетти, усы

сөзди сизлерде қуўатлаң» - деп Гүлистаннын қасындағы қызларға түсиндиреди. Бул жерде Караманның жаўызлығы, достына қыянети, соның менен бирге жалақорлығы дәстандағы бул қатарларда сүўретленген. Деген менен Қараманның достына еткен қыянети әшкара болады, Қараман Гүлдархан батырдан қорқып елден шығынып қашып кетеди.

Дәстанда тийкарғы унамсыз образлар болган ханның исенимли қазысы, Қараман, дуўахан кемпир Әлийма булар турмыста болыўы мүмкин болған типик образлар болып олардың жеке мәпи жолында ислеген ҳәрекетлери оқыўшыда жеркениш сезимлерин оятады.

Дәстан соңында Гүлистан өз елине қайтып әкеси Айдар ханның алдында, халық алдында ақланып аўыр күнлерге гриптар еткен қазы менен дуўахан кемпирди жазалайды әкеси Айдар хан да өз қәтесин мойынлайды.

«Гүлистан» дәстаны өткен бир дәўирлердеги халықтың социаллық турмыс мәселелерин сөз етеди. Оның қурылысы ондағы дәстүрий мотивлер қарақалпақ дәстанларына тән улыўмалық белгилерге ҳәм жеке өзгешеликлерге ийе. Дәстанның идеялық мазмуны, образлары ҳәм көркемлик өзгешелиги, оның терең халықлық дөретпе екенлигинен дәрек береди.

# Жуўмақ

Халық аўыз еки дөретпелери ҳәр бир халықтың баҳасы руўҳый ғәзийнеси болып табылады. Түркий халықларда дәстанлық ерте дәўирлерде пайда болған. Дәстанлардың дөретилиўи, қәлиплесиўи бир неше әсирлерди қатығандай, жыраў-бақсылардың да бир неше әўладларын өз ишине алады. Бунда сөзсиз талантлы халық жыраў-бақсыларының шеберлиги дөретиўшилик үлеси айырықша дыққатқа миясар. Халық даналығы жыраў-бақсылардың репертуарларын қарап ғана қоймастан, оны мудамы раўажландырып, толықтырып отырады.

Биз сөз етип отырған социаллық турмыс мәселелерин сөз ететуғын дәстанлардың бири «Гүлистан» дәстаны қарақалпақ халқына жүдә кеңнен таралған. «Гүлистан» дәстанында өз елин сүйиўшилик, душпанлы жек көриўшилик, ҳақыйқат муҳаббат, дослық идеялары, жақсылықты жаманлық үстинен үстем келиўи, сулыўлықтың әбешийликтен артықмашлығы сөз етиледи. Дәстанда әжайып көркем образлар дөретилген. Халық Гүлистан, Гүлдархан қусаған қыз-жигитлердиң жоқары пазыйлетлерин, адамгершилик қәсийетлеринен үлги алса, ал Қазы, Қараман, Әлийма сыяқлы сыяқлы унамсыз, өтирикшилердиң қолайсыз ис-ҳәрекетлеринен ғәзепленип отырады. Дәстанда унамлы образлардың бири Гүлдархан. Ол ақ көкирек, әдил, зейинли, күшли батыр,

адамгершиликли, дослықты ҳүрметлейтуғы, муҳаббатына садық жигит сыпатында жырланған. Дәстанда Гүлистан менен Гүлдархан ушырасыўы да күтилмегенде жүз береди. Олар бир-бирин түсиниўи, көзқараслары, пикирлери, ойларының бир жерден шығыўы, ақыл=парасатлық пенен мәселелерди шешиўи, ойдағы мақсетлерин иске асырыўда бир-бири менен ойласып-кеңесип ислеўи ҳ.т.б. толып атырған жақсы сыпатлары ҳақыйқый турмыста да ушырасатуғынлығын дәстанда оқып отырғанымызда сезинемиз.

«Гүлистан» өзиниң қурылысы, көркемлиги бойынша да, басқа дәстанлардан пүткиллей айырмашылықларға ийе болыўы менен айырым турмыслық мәселелерди сөз етиўши дәстанларға да жақын екенлигин байқаймыз. «Гүлистан» дәстанының қурылысы, ондағы образлардың жасалыўы «Шәрьяр» дәстанындағыдай әўлийе пирлер жәрдеминде пайда болғанлығы сүўретленбеген. Ондағы дәстүрий мотивлер қарақалпақ дәстанларына тән улыўмалық белгилерге ҳәм де жеке өзгешеликлерге де ийе екенлигин дәстанды оқып отырыў арқалы сеземиз.

«Гүлистан» дәстанының идеясы ҳәм ондағы қарама-қарсылықлар дөретиўшилердиң ишки сезимлери, тилек-әрманлары тийкарында. Сол дәўирдиң шынлығын бериў, жақсылық пенен жаманлық арасындағы гүрес, әдилликтиң жеңип шығыўы ҳәм тағы басқа да белгилери менен халықлық дәстан екенлигинен дерек береди.

Дәстандағы образлардың дөрелиўи де барлық дәстанлардағы сыяқлы көркемлеў қуралларынан пайдаланылған ҳалда сүўретленген.

Дәстанның көркемлик өзгешелиги оның идеясын ашып бериўге хызмет ететуғынлығын, ўақыяны сулыў етип бериў арқалы иске асқанлығын көремиз.

«Гүлистан» дәстаны мазмуны ҳәм көркемлиги жағынан халықлық дәстан. Бунда халықтың социал турмыслық мәселелери сүўретлениўи менен бирге душпанларға қарсы гүрес, дослық, сондай-ақ садықлық сыяқлы пазыйлетлер кеңнен берилген.

«Гүлистан» дәстаны қарақалпақ халқының арасында кең таралған. Халық арасында дәстанның кең таралыўының себеби оның идеясы, көркемлилигиниң жоқары болыўында.

Дәстандағы унамлы қаҳарманлар әдиллик ушын гүреседи, дослықты беккемлейди, еки елдиң аўыз биршилигин қәлиплестиреди, халықтың абаданшылығы ушын хызмет етеди.

Дәстанның бай композициялық қурылысы, көркемлилиги улыўма қарақалпақ халық поэзиясының бай дәстүрий үлгиси менен берилген. «Гүлистан» дәстанының көркемлик өзгешелиги оның идеялық бағыты менен тығыз байланыслы. Дәстанда қаҳарманлардың ҳәрекети, батырдың әдиллик ушын гүреси көркем сүўретлеўлер менен шебер берилген. Бунда неше түрли сулыў теңеўлер, гиперболалар, эпитетлер, метафоралар ҳ.т.б. жийи

гезлесип отырады.Соның менен жоқарыда айтылғанларды жуўмақлап келип, «Гүлистан» дәстаны халқымыздың социал турмыслық мәселелерин жыр еткен көркем шығарма деп қараймыз.

Пайдаланылған әдебиятлар


1. Айымбетов Қ. Халық даналығы. Нөкис, 1968.
2. Ахметов С., Султанов Қ. Әдебияттаныў. Нөкис, 1987.
3. ҳәзирги әдебият ҳақында ойлар. Нокис, 1992.
4. Дәўқараев Н. Қарақалпақ әдебияты тарийхының очерклери. Нокис. 1977.
5. Мақсетов Қ., Тәжимуратов А. Қарақапақ фольклоры. Нөкис. 1979
6. Мақсетов Қ. Қарақапақ қаҳарманлық дәстаны «Қырық қыз». Нөкис, 1962.
7. Мақсетов Қ. Қарақапақ қаҳарманлық дәстанларының поэтикасы. Т. 1965.
8. Мақсетов Қ. Дәстанлар, жыраўлар, бақсылар. Нокис, 1992.
9. Сағыйтов И. Қарақалпақ халкының қаҳарманлық эпосы. Нокис, 1986.